




Vakans kay grann nou





 Violet Otieno

Catherine Groenewald

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

|| 4


 kreyòl ayisyen 




Global Storybooks


globalstorybooks.net

Vakans kay grann nou

 Violet Otieno

Catherine Groenewald

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA



This work is licensed under a Creative Commons

[Attribution 4.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/4.0)


<https://creativecommons.org/licenses/by/4.0>





Odongo ak Apiyo te rete lavil ak papa yo.
Yo tap tann vakans yo ak anpil enpasyans.
Se pa sèlman paske lekòl la te fèmen men
tou paske yo te anvi wè grann yo. Grann yo
te rete nan yon ti vilaj pechè akote yon
gwo basen.

Odongo ak Apiyo tɛ kontan yo ta pral wè
grann yo ankò. Jou lannwit sa sa yo fè
malèt yo enpi yo pare pou wwayaj byen
long sa a. Yo pate kapab dòmi, yo chita
pale tout lannwit lan sou vakans yo.






Byen bonè nan maten, yale nan machin
papa yo jis nan vilaj kote grann yo rete.
Sou wout la yo travèse mòn ak plantasyon
enpi yo kwaze bèt sovaj. Yo konte kantite
machin yo wè. Yo chante.




Lè Odongo ak Apiyo tounen lekòl la yo
rakonte zanmi yo kijan lavi a nan vilaj la ye.
Gen kèk nan yo ki kwè ke lavil la bon tou.
Gen lòt ki santi ke vilaj la pi bon toujou.
Men, pi fò nan yo te dakò ke Odongo ak
Apiyo gen yon pakèt granmanman!

Odongo ak Apiyo bo grunn yo byen fò pou
di orewa.



Aprè yon titan, timoun yo bouke, yo tonbe
dòm.







Lè yo rive papa a reveye Odongo ak Apiyo. Yo jwenn grann yo, Nyar-Kanyada, kouche atè lap dòmi sou yon nat anba yon pyebwa. Nyar-Kanyada vle di “pitit fi pèp Kanyada la » nan lang Luo. Nyar-Kanyada se te yon bèl fanm ak yon bèl karaktè.



Lè papa yo vin chache yo, yo pa te vle ale. Timoun yo mande pou Nyar-Kanyada vini abite lavil ak yo. Men, Nyar-Kanyada souri, li di yo “Mwen twò granmoun kounyè a pou’m ale lavil. Map tann nou isit nan vilaj mwen.”




Nyar-kanyada akeyi yo lakay li enpi li danse
ak chante ak yo tɛlman kɛ'l tɛ kontan. Pɛtit
pɛtit li yo tɛ kontan bay li kado yo tɛ pote
pou li. Odongo di "Louvri pa'm anvan ».
Apiyo di « Non, sɛ pa'm pou'w louvri
anvan!».



Mɛn, fɛn vakans ap vini. Fɔke timoun yo
yon kap ak Apiyo yon chanday. Li mete
manje nan valiz yo pou wayaj la.




Lè li fin louvri kado yo, Nyar-Kanyada beni pitit pitit li yo selon lakoutim.




Nan fen jounen an yo bwè te chai ansanm. Yo ede grann nan konte lajan li fè pou lajounen an.

Aprè sa a, Odongo ak Apiyo al jwe deyò. Yo kouri deyè papiyon ak zwazo.




Yon lòt jou, timoun yo ale nan mache ak Nyar-kanyada. Li te gen yon bak pou'l vann legim, sik ak savon. Apiyo te renmen bay kliyan yo pri machandiz yo. Odongo te renmen mete yo nan sache.







Yo grenpe pyebwa, yo benyen nan dlo basen an.




Yon maten, Odongo mennen bèf grann li nan savann pou yo manje. Yo kwaze ak vwazen an ki se yon abitan. Vwazen an te fache anpil ak Odongo. Li menase'l lap kenbe bèf yo paske yo tap manje jaden li yo. Depi jou sa a, ti gason an pa janm mennen bèf yo la ankò pou li pa gen pwoblèm.




Lè kòmanse fè nwa, yo tounen lakay gran
yo pou yo manje men yo tonbe dòmi
anvan yo fin manje!



Nyar-kanyada aprann timoun yo prepare
ugali pou manje ak bouyon. Li montre yo
tou kijan pou yo fè diri kokoye pou manje
ak pwason boukannen.



Demen, papa a tounen lavil li kite timoun you ak grann yo.



Odongo ak Apiyo ede grann yo ak kèk ti travay nan kay la. Yo chache dlo ak bwa pou fè dife. Yo pran ze poul yo ak ti pwa vèt nan jaden a.